

SADHAR
Sabda Winedhar

Juli
2021

Mitra Saben Ari Marsudi Oti

Tema: Tuhan Beserta Kita

PANDONGA

Gusti Allah ingkang dhedhampar wonten ing
Kratoning Swarga ingkang mulya saha langgeng
Abdi Paduka marek sowan wonten ing ngarsa Paduka
Ambekta manah ingkang kebak atur panuwun

Dhuh Allah,
Kawula caos sokur dene Paduka tansah
ngrimati lan nganthi gesang kawula
wonten ing salebeting kabingahan
punapa dene wonten ing salebeting kasisahan
Paduka boten nate nilaraken kawula

Mila saking punika dhuh Gusti,
kawula pitados bilih gesang kawula ing wulan Juli punika
ugi badhe tansah Paduka reksa

Dhuh Gusti,
kepareng kawula ngunjukaken panyuwunan,
mugi Paduka nyagedaken kawula
supados gesang kawula punika tansah maedahi
tumrap ing sesami
punapa dene saged tansah ngluhuraken
asma Paduka ingkang suci

Amin

Endahing saduluran

“Mulane Sang Yehuwah muga nandukna sih lan kasetyane marang sira. Ingsun uga bakal nandukake kabecikan iki marang sira, amarga sira wus nindakake prakara kang kaya mangkono iku”

(II Samuel 2:6)

Suto lan Noyo sami majeng nyawung dados Kepala Desa ing Desa Suka Maju. Kekalihipun mesthi kemawon kepengin menang. Ananging mokal menawi sedaya dados kepala Desa. Paripurna coblosan Suto unggul lan Noyo kedah nglenggana bilih piyambakipun kalah. Ing sisih sanes, Suto pinangka kepala Desa terpilih kedah njagi wetahing pasedherekan ing masyarakat. Sinaosa boten sedaya tiyang sami milih piyambakipun, Suto kedah ngesuhi sadaya warga masyarakat.

Nalika Dawud jinebadan dados Ratu nggantos Prabu Saul, piyambakipun mangertosi bilih boten sedaya tiyang sami ngakeni lan nampi piyambakipun minangka Ratu pinilih. Tiyang-tiyang Yabesh-Gilead punika sami boten sarujuk menawi Sang Prabu Dawud jumeneng dados Ratu. Sang Prabu Dawud saestu nglenggana. Piyambakipun tetep ngrangkul, lan tansah nggatosaken dhateng tiyang-tiyang ingkang boten milih piyambakipun. Nalika Prabu Saul seda, tiyang-tiyang Yabesh-Gilead dipun dhawuhi supados ngrukti layonipun prabu Saul. Sak sampunipun rampung anggenipun sami ngrukti, piyambakipun dongaken tiyang-tiyang kala wau: *“Mulane Sang Yehuwah muga nandukake sih lan kasetyane marang sira”* (ayat 6a). Ing ayat candhakipun, Sang Prabu Dawud ugi badhe nglampahi sikep kados dene para pangrukti laya punika.

Prayogi manawi kita nggadhahi sikep kados Prabu Dawud ingkang ngrangkul para sedherek ingkang boten remen kaliyan piyambakipun. Bentening pemanggih lan kapitadosan boten dados pembengan kangge mratelakken pasedherekan. Sumangga kita sami nggatosaken kluwung ingkang endah ing warna, supados pasedherekan saged kawarna. |*YS

Crah Agawe Bubrah , Rukun Agawe Santosa

“Peperangane antarane kulawargane Prabu Saul lan kulawargane Prabu Dawud kalantur-lantur ; Prabu Dawud sangsaya suwe sangsaya santosa, balik kulawargane Prabu Saul sangsaya ringkih”

(II Samuel 3:1)

Ungeling gangsa ingkang kapireng nyarengi pahargyan mantu, punika raosipun nengsemaken ing talingan kita. Kenging punapa nengsemaken? Awit pangrawit punika sampun siyaga, cecawis anggenipun nabuh. Gender, gong, saron, demung, bonang lan kethuk saged ngedalaken swanten ingkang endah awit sedaya sami kompak. Cobi manawi gong punika namung mungel piyambak, mesthi kemawon boten sekeca menawi kapireng. Mekaten ugi menawi pasrawungan kita punika kompak, kebak ing pirukun, tamtunipun endah. Kosok wangsulipun manawi dredah kemawon mesthi ugi badhe nuwuhaken cecongkahan.

Waosan dinten punika nyariosaken lelampahaning brayatipun Prabu Dawud kaliyan brayatipun Prabu Saul. Wondene Brayat Prabu Dawud sansaya Santosa. Kenging punapa saged mekaten? Awit para kawula ing Israel sangsaya ngakeni bilih Prabu Dawud punika Ratu ingkang jinebadan dening Gusti, ingkang wicaksana lan saged momong, mengku lan momot sedaya masyarakat, boten namung ing tlatah Yehuda. Brayat Prabu Saul sangsaya ringkih awit ing brayat punika tuwuh dredah ing antawisipun Isyboset kaliyan Abner. Kanthi mekaten Abner malah nyengkuyung sikep lan lampahing pemerintahanipun Prabu Dawud.

Gusti Allah ngersakaken saben brayat punika sami ngudi katentreman tuwin karaharjan. Wetahing sesambetan ing satengahing brayat punika gumantung kaliyan pandamel lan patrap ing antawisipun peranganing brayat setunggal lan setunggalipun. Kanthi punika swawi sami ngudi wetahing brayat supados sangsaya santosa. |*YS

Ndherek Gusti

*“Nanging Gusti Yesus ngendika: kowe melua Aku,
dene wong mati cikben padha ngubur wong mati”*

(Mateus 8:22)

Bagas Eko Prasetya, ngraosaken awrat nalika kedah pepisahan kaliyan rama lan ibunipun. Piyambakipun badhe kuliah wonten ing Ngayogyakarta, tebih saking papan dunungipun. Perlu kawuningan bilih papan dunungipun Bagas punika tebihipun kirang langkung 95 km saking Ngayogyakarta, pramila piyambakipun kedah indekos. Kejawi nilaraken brayatipun Bagas ugi kedah nilaraken pasrawunganipun kaliyan kanca-kancanipun. Boten namung babagan punika ananging Bagas ugi kedah sinau masak piyambak, nyuci piyambak lan boten saged gumantung kaliyan tiyang sepuhipun malih. Pancen awrat nilaraken pakulinan lan ngadhepi punapa ingkang dereng nate dipun lampahi. Nanging kados pundi malih, sedaya kedah dipun lampahi kangge mujudaken cita-citanipun.

Waosan kita dinten punika mratelakaken bab ndherek Gusti Yesus. Wonten salah satunggaling muridipun Gusti Yesus ingkang nyuwun idi palilah, supados dipun keparengaken ngrukti layoning ramanipun. Tiyang punika nembe nandhang kaprihatosan awit tinilar dening tiyang sepuhipun. Gusti Yesus ngandika, “cikben wong mati padha ngubur wong mati”. Pangandika punika ngemu suraos, bilih bab ndherek Gusti Yesus punika prekawis ingkang utami ing gesang punika. Mila para pendherekipun Gusti Yesus punika boten kepareng nengenaken bab sanesipun.

Kathah tiyang ngaku Kristen, ananging taksih kelu ing ombyaking jagad, gesangipun taksih nengenaken bab kadonyan. Lumantar Sabdanipun, kita dipun engetaken supados nilaraken gesang lami. Boten sisah nengga wekdal setunggal minggu, sewulan, menapa malih setahun kangge mratobat. Enggala lumebet ing gesang anyar inggih punika gesang ingkang tansah ngener dhumateng Gusti. |*YS



Betahaken wekdal

“Sang Prabu Dawud yuswane telung puluh taun, nalika jumeneng ratu: patang puluh tahun lawase anggone ngasta peprentahan”

(II Samuel 5:4)

Nalika kita badhe damel unjukan teh, boten betahaken wekdal ingkang dangu. Kita cawisaken toya benter lajeng nyencem teh kirang langkung 5 menit lajeng dipun paringaken wonten ing gelas katambah gendhis lajeng dipun udhak. Punika sampun dados unjukan teh anget ingkang nasgithel: panas legi kenthel. Ananging, monggo sami nggatosaken petani teh ingkang nanem teh punika. Dipun betahaken wekdal mataun-taun kangge ngasilaken ron teh ingkang saestu eco. Pancen wekdal punika kathah daharan utawi unjukan ingkang instan (kadamel sacara cepet), yen perlu dipun tambahi bahan pengawet. Nanging daharan utawi unjukan punika dereng temtu eco lan sehat. Wonten pemanggih kangge mujudaken perkawis ingkang sae punika betahaken wekdal.

Prabu Dawud nalika jumeneng ratu yuswanipun tigang dasa taun. Ananging perlu kawuningan bilih saderengipun dipun jebadi dening Samuel (I Samuel 16) piyambakipun dipun cawisaken sacara mirunggan murih dados abdinipun Gusti ingkang saetu saged dados pangarsa ingkang kebak ing kawicaksanan murih raharjaning umat Israel. Lumantar lelampahanipun Sang Prabu Dawud nalika ngadhepi Saul, punika setunggaling cara ingkang kedah dipun lampahi lan ugi caranipun Gusti ngagem abdinipun leladi kalayan trusing manah. Wekdal ingkang kaagem dening Gusti pancen dangu lan samangkih Sang Prabu Dawud dados ratu ing Israel lan ing Yehuda.

Gusti ugi ngagem kita sadaya kangge lelados murih kratoning Allah ing jagad punika kawiyaraken. Anggenipun Gusti nyawisaken kita kangge lelados punika saged kagambaraken kados dene petani teh ingkang mataun-taun budidaya murih teh punika saged karaos eco. |*YS

Eling

“Sang Prabu Dawud Sangsaya suwe sangsaya gedhe pangwasane, amarga Pangeran Yehuwah, nunggil karo panjenengane”

(II Samuel 5:10)

Manungsa ingkang gesang wonten ing alam donya punika katimbangan supados nyambut damel. Werni-werni panyambut damelipun. Wonten ingkang dados among tani, pegawai lan pedagang, punapa dene sami wira usaha. Kejawi punika ugi tinimbangan kangge nindakaken katresnan. Asring kedadosan, margi namung nengenaken padamelanipun, manungsa kesupen dhateng timbalan kangge nindakaken katresnan dhumateng Gusti punapa dene dhateng sesaminipun. Kesupen anggenipun ngibadah, kesupen anggenipun srawung lan ugi kesupen anggenipun andum berkah. Begja manawi manungsa punika taksih emut dhateng pasrawungan lan tetunggilan kaliyan Gusti.

Sang Prabu Dawud anggenipun dados ratu ing Israel kados-kados sangsaya dangu sangsaya mindhak kawicaksananipun lan dados pangarsa ingkang misuwur. Sang Prabu Dawud punika tansah ngadhepi mengsah-mengsahipun kanthi sembada. Prelu dipun mangertosi bilih Sang Prabu Dawud anggenipun dados ratu ingkang misuwur lan mindak kawibanipun punika boten awit saking daya kekiyatanipun piyambak, ananging awit Gusti Allah ingkang nuntun jangkepi kawicaksananipun.

Nalika manungsa punika rumaos gesangipun mulya awit usahanipun sangsaya ngrembaka utawi jabatanipun sangsaya mindhak, lajeng rumaos bilih perkawis punika awit saking daya kekiyatanipun piyambak. Kesupen dhateng pakaryanipun Gusti, kesupen dhateng panuntunipun Gusti. Lumantar waosan ing dinten punika kita dipun engetaken supados tansah “eling”, tansah emut lan ngrumaosi bilih Gusti Allah ingkang ndayani gesang kita. Daya kekiyatan kita winates ananging berkah lan panganthinipun Gusti Allah punika tanpa winates. Kita sedaya kabereg supados tansah gumgregah nyawang lan ngraosaken pangrimatipun Gusti ingkang tansah lumintu ing gesang kita. |*YS

Timbalan Leladi

“Sang Prabu banjur mangertos, yen Sang Yehuwah wis netapake panjenengane dadi ratune Israel lan ngluhurake paprentahane marga saka Israel, umat kagungane”
(2 Samuel 5:12)

Noyo, salah satunggaling warga pasamuwan ingkang sampun dangu anggenipun leladi ing Komisi Warga Diwasa, tumunten badhe dipun calonaken dados Pradata. Ananging Noyo punika boten kersa nampi timbalan punika kanthi werni-werni alesan. Wonten Pinisepuh ingknag rawuh wonten griyanipun lan paring katrangan bilih leladi punika timbalan suci lan Gusti Allah ingkang badhe jangkepi abdinipun.

Nalika Prabu Dawud badhe tinimbalan dados Ratuning Israel, Gusti Allah ingkang nimbali, ngagem lan paring kawasisan dhateng Prabu Dawud. Kaping tiga anggenipun Gusti Allah netepaken Sang Prabu Dawud minangka pangarsaning Israel. Sepisan: *“Nabi Samuel banjur mundhut wadhaha sungu kang isi lenga lan Dawud dijebadi ana ing satengahing sadulur-sadulure. Wiwit ing dina iku lan sabanjure Rohe Sang Yehuwah nunggil karo Dawud. Nabi Samuel banjur kondur menyang ing Rama”* (1 Samuel 16:13). Kaping kalih, wonten ing II Samuel 2:4 *“Wong Yehuda nuli padha nekani, sarta padha njebadi panjenengane dadi ratune para turune Yehuda”*. Kaping tiganipun, *“Dadine para tuwa tuwane Israel padha seba ana ing ngarsane Sang Prabu Dawud ana ing Hebron; Sang Prabu banjur nganakake prajanjian karo para wong Hebron, wasana padha njebadi Sang Prabu Dawud dadi ratu mengku Israel* (2 Samuel 5:3)

Tembang *“wiyit ing dina iku lan sabanjure Rohe Sang Yehuwah nunggil karo Dawud”* (1 Samuel 16:13b). Ayat punika ngemu suraos bilih tiyang ingkang katimbalan leladi mesthi dipun kanthi dening Gusti. Kalebet menawi kita sami dipun agem dening Gusti, mesthi badhe dipun paringi kasagedan lan dipun kanthi dening Gusti. |*YS

Pasrah

“Sang Prabu Dawud iya banjur tumindak mangkono, yaiku kaya kang kadhawuhake dening Sang Yehuwah, temah bisa nggepuk bala filisti, nganti kasoran, wiwit saka ing Geba tutug ing cedhake Gezer”
(II Samuel 5:25)

Mbah Dipo nggadhazi lembu cacah kalih ingkang saben dinten dipun openi kanthi gemati. Pedamelan ngarid dados ayahan ing saben dintenipun. Kangge pados suket ingkang ijem punika boten prekawis ingkang gampil, awit menawi mangsa ketiga punika kathah suket ingkang garing. Ing salah sawijining dinten mbah Dipo punika pados suket ing redi ingkang tebih saking griyanipun. Sasampunipun pikantuk suket ingkang kathah piyambakipun lajeng wangsul kanthi mikul suket ingkang awrat sanget. Ing satengahing margi punika wonten *colt pik-up* ingkang nedya badhe mitulungi mbah Dipo supados boten kawratan anggenipun mikul suket. Mbah Dipo lajeng minggah mobil punika, ananging suketipun tetep dipun pikul. Mila, sinaosa numpak mobil piyambakipun tetep sayah.

Nalika Sang Prabu Dawud ngadhepi mengsah, inggih punika bangsa Filisti, piyambakipun nggadhazi kapitadosan bilih ingkang mangarsani ing peperangan punika inggih namung Gusti Allah. Kanthi punika Sang Prabu Dawud pasrah sumendhe dhateng Gusti. Gusti Allah ingkang paring dhawuh, Gusti Allah ugi ingkang badhe nyagedaken. Wohing kapitadosan punika nuwuhaken perkawis ingkang nengsemaken, katitik Sang prabu Dawud saged ngawonaken Bangsa Filisti.

Saking lelampahan punika kita kabereg masrahaken dhiri sawetahipun tumrapping gesang kita dhateng pangwasanipun Gusti, ing satengahing pakaryan lan ayahan punapa kemawon. Menawi kita kirang pitados dhateng Gusti tundhonipun namung kwatos lan was sumelang. Llampahan utawi cariyos ingkang kita gatosaken ing nginggil, mirunggan cariosipun mbah Dipo, puniko nedahaken bilih tiyang punika kirang pitados dhateng panguwaosipun Gusti. |*YS



Bandha Kang Aji

*“Sebab ana ing Panjenengane sumimpen raja-brana,
kawicaksanan lan kawruh” (Kolose 2:3)*

Wonten ing gesang punika, manungsa sami nyambut damel utawi makarya. Tujuanipun inggih punika ngupadi banda lan arta kangge nyekapi kebetahaning gesangipun. Rinten dalu kathah tiyang ingkang sami mburu arta, awit arta punika sarwa luwes kangge sarana anggenipun nyekapi kabetahaning gesang. Wonten tiyang ingkang saged andum berkah saking punapa ingkang dipun gadhahi dhateng tiyang sanes. Ananging wonten ugi tiyang ingkang cethil-methithil, boten purun weweh dhateng sesami.

Rasul Paulus ugi mbudidaya ngempalaken bandha, ananging sanes bandha kadonyan ingkang datan langgeng. Kanthi greget tuwin taberi rasul Paulus punika mbudidaya supados saben tiyang nggadahi bandha ingkang aji. Pramila dhateng ingkang dereng pikantuk bandha punika, kanthi tulus ing manah Paulus andum bandha pawartos kabingahan, andum kawilujengan ingkang saking Gusti Allah. Punapa ta ingkang minangka bandha kang aji punika? Inggih Gusti Yesus Kristus ingkang luber ing katresnan lan kagungan panguwaos ing bumi dalah ing swarga. Panjenenganipun sampun masrahaken sariranipun ing kajeng salib kangge mitulungi manungsa ingkang kebak ing dosa.

Waosan kita ing dinten punika mbereg dhateng kita sedaya, bab mapanaken bandha donya minangka sarana kangge nyekapi kabetahaning gesang lan boten nglirwakaken bandha ingkang aji, ingkang asipat langgeng. Kados pundi tumrap kita? Punapa Gusti Yesus tansah kita ugemi minangka bandha kasukman ingkang aji piyambak ing gesang kita? Sampun ngantos kita punika langkung nengenaken badha ingkang saged sirna, inggih punika badha kadonyan. Prayogi kita punika tansah caos sokur dhumateng Gusti lan mbudidaya tansah nglampahi gesang jumbuh kaliyan karsanipun Gusti. |*YS

Bandara lan Batur

“He, para bandara, tumindaka adil lan jujur marang baturmu, elinga yen kowe uga duwe bandara ana ing swarga”

(Kolose 4:1)

Kathah pawartos saking media cetak ugi ing media elektronik bab lelampahan ing antawisipun bandara lan batur. Sesambetan ing antawisipun bandara lan batur, ing pundi batur punika boten dipun papanaken minangka rencang ingkang saetu asung pambiyantu dhateng bandaranipun. Malah kita ugi asring mireng lelampahan bandara ingkang mulasara baturipun, tumindhak boten prayogi dhateng baturipun.

Senadyan kagubel dening pagering pakunjaran, raga boten saged dhateng pundi-pundi, ananging penggalhipun rasul Paulus boten kendel anggenipun nggatosaken pasamuwanipun Gusti ing Kolose. Rasul Paulus punika dipun kunjara amargi martosaken pawartos kabingahan inggih punika Injilipun Sang Kristus. Rasul Paulus nelakaken kawigatosanipun dhateng bab sesambetan ing antawisipun bandara kaliyan batur ing jaman semanten. Miturut rasul Paulus, nalika batur punika nglampahi padamelanipun, pancen kedah dipun aosi pinangka piyantun ingkang asung pambiyantu, ngrancag aken pedamelan wonten ing satengahing brayating bandaranipun. Para bandara punika kedah ngrumaosi manawi boten wontenn batur ingkang purun leladi, kathah padamelan ingkang boten saged karampungaken kanthi sae.

Dhateng para bandara, Paulus paring pepenget supados ngaosi jejereng batur ingkang tansah setya tuhu. Kedah enget sanadyan dhirinipun punika bandara, ananging dados abdi wonten ing ngarsanipun Gusti. Gusti Allah ingkang kebak ing sih rahmat kepareng ngangkat putra dhateng para kagunganipun, sae punika batur/abdi utawi bandara. Mila saking punika, wonten ing ngarsanipun Gusti sadaya tiyang punika sami. Kanthi ngestokaken bab punika, sesambetan ingkang prayogi ing antawisipun bandara lan batur punika saged kabangun kagem kaluhuraning asmanipun Gusti. |*YS



Kagunganipun Gusti

“Bumi dalah saisine kabeh kagugane Sang Yehuwah, mengkono uga jagad lan kang padha ngenggoni”

(Jabur 24:1)

Saking barang ingkang alit ngantos barang ingkang ageng, ingkang kasat mripat lan ingkang boten katon, *benda mati* lan titah ingkang ambegan punika sadaya kagunganipun Gusti. Sato kewan ing daratan, manuk ing awang-awang, tetuwuhan lan manungsa ingkang manggen wonten ing bumi ingkang katitahaken dening Gusti Allah. Kabudayan tuwin basa ingkang dipun agem minangka sarana anggenipun srawung punika ugi peparangipun Gusti.

Wonten ing wiwitaning pangibadah, kita tansah dipun emutaken dening Gusti lumantar abdinipun Gusti ingkang nuntun pangibadah punika, *“Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit lan bumi”*. Pratelan punika badhe lan tansah ngengetaken dhateng sadaya tiyang ingkang sami ngibadah. Juru Mazmur tansah enget lan ngrumaosi bilih piyambakipun punika kalebet dados peranganing jagad kagunganipun Gusti. Menawi dados peranganing jagad kagunganipun Gusti, pramila piyambakipun sumeleh ing manah, awit gesangipun mesthi badhe tansah dipun rimati dening ingkang kagungan, inggih punika Gusti Allah piyambak.

Gusti Allah punika boten sami kaliyan piyantun ingkang damel jam. Tiyang ingkang damel jam punika boten mesthi ngrimati jam punika. Menawi jam punika rusak kepara boten mangertos sinten ingkang ndandosi. Ananging Gusti Allah ingkang akarya jagad dalah saisinipun punika tansah setya ngreksa ngrimati titahipun. Gusti Allah rawuh ing jagad kanthi ngasta pakaryan ingkang mbabar kawilujengan. Patrap lan lelampahan ingkang kados punapa ingkang kedah kita lampahi nalika kita punika ngrumaosi dados kagunganipun Gusti? |*YS



Darbe Kasugihan

“Pinujia Gusti Allah lan Ramane Gusti kita Yesus Kristus, kang wus mberkahi kita ana ing Sang Kristus kalawan sarupane berkah kasukman kang ana ing swarga”
(Efesus 1:3)

Sadaya tiyang ingkang gesang wonten ing jagad punika betahaken bandha utawi kasugihan. Inggang winasatanan bandha utawi kasugihan punika inggih ingkang kasat mripat utawi saget dipun pirsani, kadosta: Mobil, pangagem utawi perhiasan (saged awujud gelang, sangsang tuwin kalpika). Kangge ngupados bandha kalawau, kathah tiyang sami nyambut damel kanthi taberi rinten kalawan dalu. Menawi manungsa punika saged mujudaken punapa ingkang dados pepenginanipun, ing tembe badhe kondang kaloka ing satengahing masyarakat kiwa tengenipun.

Rasul Paulus ngemutaken dhateng Pasamuwan ing kitha Efesus, bilih Pasamuwan punika sampun nampi bandha kasukman, sanes bandha kadonyan kados ingkang dipun upadi kanthi taberi utawi wekel lumantar panyambut damelipun. Bandha kasukman ingkang dipun maksud inggih punika Sih Rahmatipun Gusti Allah lumantar Gusti Yesus Kristus ingkang sampun nimbali para pitados dados umat tebusanipun. Lumantar serat punika Rasul Paulus ngemutaken dhateng Pasamuwan ing Efesus supados tansah ngaturaken panuwun dhateng Gusti Allah ingkang sampun maringi bandha ingkang langgeng punika.

Kita ugi sampun nampi bandha kasukman awit kita sampun nampi Gusti Yesus ing gesang kita. Lajeng punapa bandha kadonyan boten dipun betahaken? Bandha kadonyan tamtu kemawon taksih dipun betahaken nalika kita gesang ing alam donya. Ananging sampun ngantos nglirwakaken dhateng bandha kasukman ingkang kedah kita rimati. Bandha kadonyan prayogi dipun agem dados sarana ngluharen Gusti Allah. Kita kedah tansah ngaturaken panuwun dhumateng Gusti Allah ingkang tansah ngluberaken Sih Rahmatipun dhateng kita lumantar Gusti Yesus Kristus. |*YS



Linuhurna Gusti

“He sakehing karajan ing salumahing bumi, padha ngengidunga kagem Gusti Allah, padha ngidunga mazmur kagem Pangeran”

(Jabur 68:32)

Ing wulan Maret Tahun 2020 kepengker, masyarakat ing salumahing bumi ngalami pageblug inggih punika wontenipun virus covid-19 ingkang mbebayani. Pamarentah Indonesia paring dhawuh supados lare-lare sekolah sinau wonten ing griya, ingkang sami makarya wonten ing kantor ugi sami makarya wonten griya. Pangabekti tumrap sedaya warga Pasamuwan ugi wonten ing griya. Wontenipun pageblug ingkang gegirisi punika ugi ndadosaken saperangan tiyang kecalan padamelan awit dipun PHK (Pemutusan Hubungan Kerja). Wonten ugi tiyang ingkang sami kagungan usaha kuliner, catering , jasa Transportasi kedah mandeg awit kawontenan punika. Pandonga ingkang boten kendhat tansah dipun unjukaken murih bebaya punika enggal sirna. Wiwit wulan Juli 2020, wonten saperangan Pasamuwan ingkang ngawontenaken pangibadah malih ing Gedung Gereja, perangan sanesipun nggih taksih ngabekti wonten ing griya kanthi tuhu setya.

Waosan kita dinten punika nyariosaken lelampahanipun Bangsa Israel nalika medal saking tanah pangawulan tumuju dhateng tanah prajanjian. Ing sauruting lampahipun bangsa Israel nemahi kathah prekawis ingkang mrihatosaken. Prekawis kekirangan tetedhan, bebaya utawi mengsah sampun asring dipun prangguli lan dipunraosaken. Tundhanipun tiyang Israel namung nglepataken Nabi Musa. Ananging sedaya lelampahan punika saged dipun pungkasi nalika Bangsa Israel dumugi ing tanah prajanjian. Saking lelampahan punika saged katitik pakaryanipun Gusti tumrap bangsa pilihanipun.

Kathah prekawis ingkang kababar ing gesang kita, bingah dalah sisah. Nalika ngadhepi prekawis ingkang angel lan mrihatosaken, tetela bilih Gusti Allah boten nate nilaraken kita. Pramila daweg sami ngluhuraken asmanipun Gusti ing sadhengah papan lan kawontenan. |*YS

Pirantosipun Gusti

“Nanging kaponakane Rasul Paulus, putrane kang rayine putri,krungu bab rancangan cegatan iku lan banjur menyang beteng. Bareng wis diparengake mlebu, nuli matur bab mau marang Rasul Paulus” (Lelakone Para Rasul 23:16)

Ing salah sawijining dusun wonten maling ingkang badhe nyolong sepeda motor ingkang dipun parkir ing sangajenging griya. Begja sanget maling kala wau wurung mendhet sepeda motor, awit wonten lare ingkang bengok-bengok: “maling, maling”. Sanalika para warganing masyarakat sami ngupengi griya kala wau lan malingipun mlajar. Saiba bingahing sedherek ingkang kagungan motor kalawau, lan tumunten ngrangkul lare ingkang marungguli maling ingkang badhe tumindak awon. Saking cariyos punika kita saged mangretosi bilih sinten kemawon saged kaagem dening Gusti pinangka pirantosipun.

Waosan kita nyariosaken lelampahanipun Rasul Paulus ingkang badhe dipun sedani tiyang-tiyang Yahudi awit saking lelampahipun ingkang tansah nggiyaraken injil. Wonten ing salebeting pambudidaya kangge mujudaken karsanipun Gusti, rasul Paulus nemahi pepalang inggih punika tiyang-tiyang Yahudi badhe nyedani piyambakipun. Kirang langkung piyantun sekawan dasa sami sumpah boten badhe dahar lan ngunjuk saderengipun Paulus pejah (ayat 12). Rancangan punika dipun mangertosi dening ponakanipun rasul Paulus lan matur dhateng pangarsaning agami Yahudi supados rancangan awon punika dipun wurungaken. Kanthi wicaksana Pangarsaning Agami Yahudi punika lajeng ngudanani punapa ingkang dipun aturaken dening ponakanipun Rasul Paulus. Gusti Allah ngagem piyambakipun mujudaken rancanganipun Gusti tumrap pakaryanipun sumebaring Injil Kratoning Allah.

Sinten kemawon saged dipun agem dening Gusti kangge mujudaken rancangan tuwin karsanipun Gusti ingkang endah. Punapa kita ugi sumadya dipun agem dening Gusti pinangka pirantos kagem kaluhuranipun Allah? |*YS

Pana Ing Pamawas

“Kowe wis padha daksulingi, kok ora njaged. Aku wis padha ngidungake kidung pangadhuh, kowe kok ora nangis”

(Lukas 7 :32b)

Bakul bakso punika kirang rena lan ketinggal nesu menawi dipun gatosaken lumantar pasuryanipun. Kenging punapa? awit wonten piyantun ingkang pesen bakso lan kepengin dipun dahar wonten ing mriku. Emanipun piyantun wau boten ngangge rasukan ingkang pantes, kados kados boten nate dipun cuci. Paripurna anggenipun dahar tumenten piyantun kala wau lajeng maringi arta lembaran biru kanthi ngucap: Punika kula namung saged nyaosi arto ingkang boten kathah gunggungipun. Tumraping bakul bakso punika malah sampun linuwih , awit regi setunggal mangkok Bakso namung gangsal welas ewu. Punapa ingkang dipun tingali dening bakul bakso namung ingkang kasat mripat boten dumugi teleng ing batos.

Tiyang Farisi lan ahli Toret mastani Nabi Yokanan kapanjingan dhemit awit tata gesangipun boten dahar kados manungsa limrah, (ayat 33) malah ugi Gusti Yesus kawastanan tiyang ingkang grangsang awit saben-saben dahar sesarengan kaliyan juru mupu beya (ayat 34). Pandakwa punika lepat, awit Nabi Yokanan lan Gusti Yesus samangke badhe babar kawilujengan tumrap Israel. Kanthi punika Gusti Yesus paring pangandika: *“Kowe wis padha daksulingi nanging ora jaged, wis tak kidungke kidung pangadhuh, kowe ora nangis”* Pangandika punika badhe nyarwe lampah lan patrapipun tiyang Farisi lan Ahli Toret ingkang boten pirsabab rancanganipun Gusti, kepara malah mitenah. Tiyang-tiyang punika kirang pana ing pamawas.

Monggo sami mirsani piyantun sakiwa tengen kita, boten namung nengenaken ingkang kasat mripat, nanging ngantos dugi telenging manah murih langkung wicaksana lan pana ing pamawas. |*YS



Tekun bakal tekan

“Marga saka iku kowe kudu padha mantep ing pracaya, tetep santosa ora keguh, lan aja nganti nyleweng saka ing pangarep-areping Injil kang wus padha kokrungu, lan wus kagelarake ana ing salumahing bumi sakurebing langit, lan aku iki Paulus, kang wis dadi peladose”

(Kolose 1 : 23)

Piwucal adi ingkang mijil saking tiyang sepuh punika wonten ingkang mekaten: *“Sapa kang tekun mesthi bakal tekan”*. Saking piwucal punika mratelakaken bilih sok sintena ingkang kagungan rancangan manawi kinanthenan pambudidaya ingkang wekel, mesthi badhe kasembadan.

Waosan kita dinten punika maujudaken pambereg saking Rasul Paulus dhateng Pasamuwan ing kitha Kolose. Wosing serat inggih punika ngemutaken dhateng Pasamuwan ing Kolose supados sami mantep ing kapitadosanipun dhateng Gusti Yesus, ingkang sampun mbabar katresnan, manjalma dados manungsa lan mbirat dosanipun manungsa. Supados kawilujengan punika tansah saged karaosaken ing jaman kalanggengan, pramila Rasul Paulus paring pitedah supados Pasamuwan sami mantep ing pitados lan boten gampil kenging godha nalika taksih gesang wonten ing donya punika. Sadaya agami punika mucalaken bab kawilujengan dadosa kawilujengan ing wekdal punika punapa dene ing jaman samangke. Saben tiyang ingkang mitadosi agaminipun inggih mesthi kepengin antuk kawilujengan.

Kathah prekawis ingkang dados pepalang nalika manungsa badhe gayuh kawilujengan langgeng. Goda rencana tuwin mobah mosiking jagad ingkang milud ati punika ugi asring dados prekawis ingkang angel dipun singkiraken. Satunggaling kabegjan menawi kita sedaya sampun dipun wilujengaken dening Gusti lumantar pakaryanipun Sang Kristus. Kita sami ngengeti bilih sapunika kita taksih kaparingan gesang wonten ing jagad, samangke kita udi kawilujengan langgeng punika kanthi tekun, sumuyud manut lan lulut netepi dhawuhipun Gusti. |*YS



Prasetyanipun Gusti

“Tedhak turune bakal lestari ing salawas-lawase, lan dhampare kaya srengenge ana ing ngarsaningSun”

(Jabur 89:36)

Setyawati, nami ingkang prasaja ananging ngemu teges ingkang wiyar. Awit nami Setyawati punika saking tembung setya ingkang tegesipun tansah netepi menapa ingkang dipun ngendikakaken lan tansah sumadya netepi janji. Ananging punapa leres menawi Setyawati punika saged nglampahi patrap ingkang kados mekaten? Wonten ingkang saged lan mbok bilih ugi wonten ingkang dereng saged netepi lampah jumbuh kaliyan nami peparingipun tiyang sepuh.

Waosan kita dinten punika nyariosaken bab rancanganipun Sang Prabu Dawud minangka ratuning Israel ingkang sampun pinilih dening Gusti lan sampun dipun jebadi. Dawud kepengin yasa pedaleman suci minangka punjering panambah kangge umat Israel. Ananging Gusti dereng ngeparengaken, malah Gusti paring pangandika: *“Tedhak turune bakal lestari ing salawase, lan dhampare kaya srengenge ana ing ngarsaningSun” (ayat 36)*. Tegesipun ingkang badhe yasa Pedaleman Suci inggih punika tedhak turunipun Sang Prabu Dawud, samanten ugi dhamparing keprabon ing Israel punika lumampah saking tedhak turunipun Sang Prabu Dawud.

Langkung saking punika Gusti prasetya dhateng Dawud yen samangke badhe kababar Juru Wilujenging jagad inggih punika Gusti Yesus Kristus piyambak. Punapa prasetya punika saestu dipun tetepi? Kita sadaya nyumerepi bilih Allah sampun manjalma dados manungsa, rawuh ing jagad kangge ngrembat dosaning manungsa. Yesaya 9:6a ngendikakaken: *“Gedhe panguwaose tuwin tentrem rahayu bakal tanpa wekasan ana ing dhampare Sang Prabu Dawud lan ana ing krajané”* Juru Masmur nggambaraken bilih prasetyanipun Gusti punika kados dene sumunaring srengenge ingkang boten nate randhat sumunar ing saben dintenipun. Katresnanipun Gusti punika mugi sageda lestantun wonten ing gesang kita dalah anak putu kita. |*YS



Waluya

“Gusti Yesus nuli ngandika marang dheweke:” Bisaa ndeleng! pangandemu kang mitulungi kowe “

(Lukas 18:42)

“Pijat Tunanetra”, seratan punika ketingal ing salah satunggaling griya prasaja wonten ing pojok dusun. Ing griya punika wonten bapak ingkang sampun yuswa sekawan dasa tahun, ingkang wuta wiwit lair mila. Piyambakipun dipun paringi dening Gusti kaprigelan mirunggan ing babagan pijet. Saben dinten gesangipun namung ngendelaken priyantun ingkang ngersakaken pijet kanthi imbalan samurwatipun. Inggih saking pakaryan punika pyambakipun saged nyekapi sandhang tedha ing sadinten-dinten. Kanthi pitados dhateng Gusti, piyambakipun taberi nambut kardi.

Ing kitha Yerikho Gusti Yesus mrangguli tiyang wuta wiwit lair mila, ingkang adreng kepengin kepanggih kaliyan Gusti Yesus lan nyuwun kasarasan. Sanadyan dipun penggak dening tiyang kathah, ananging piyambakipun tetep mbudidaya supados saged sowan Gusti Yesus, awit pitados Gusti Yesus saged paring kasarasan dhateng piyambakipun. Gusti Yesus kepareng nampi tiyang wuta punika lan ngandika: *“Aku kokkon nindakake apa marang kowe?”*. Lan kadosdene panyuwunanipun tiyang wuta punika, *“Gusti, kawula kepengin saged sumerep”*, Gusti Yesus kepareng nyembadani panyuwunanipun. Gusti Yesus pirsaa tiyang punika saestu pitados dhateng Panjenenganipun, satemah paring pangandika: *“Ya, kowe ndelenga. Pangandemu sing marasake kowe”*.

Kabingahan ingkang sakalangkung ageng karaosaken dening tiyang wuta punika nalika saged sumurup endahing jagad. Kapitadosan tuwin pambudidayanipun ingkang jalari kasarasanipun. Wonten ing gesang padintenan ingkang, sumangga kita tansah pitados dhumateng Gusti lan mbudidaya kanthi wekel, supados saged ngraosaken pakaryanipun Gusti ingkang datan kendhat. Kados pethikan Kidung Pasawuan Jawi 335, *“Sapa kang pengen uwal saka cintaka, numpaka ing praune mesthi waluya”*. |*YS



Retreat

“Banjur padha dipangandikani: Ayo padha menyang papan kang sepi, supaya padha bisa ndewe lan ngaso sadhelo. Amarga pancen akeh banget kang padha teka lunga, nganti mangan bae padha ora kober”

(Markus 6: 41)

Sasampunipun kita sami makarya wiwit pletheiking surya dumugi ing ratri, mesthi kemawon raga kita lungkrah tanpa daya. Kanthi kawontenan ingkang kados mekaten kita kepingin ngaso tanpa dipun ganggu dening swasana ingkang wonten ing sakiwa tengen kita. Boten mokal manawi kita lajeng pados papan ingkang sepi supados saged ngaso kanthi sekeca.

Gusti Yesus lan para sakabat ugi ngraosaken lungkrah utawi sayah nalika sedinten muput sami tindak mbabaraken pakaryanipun Allah, malah kepara dahar lan ngaso kemawon boten saged. Gusti Yesus pirsu manawi para sakabat ugi sami lungkrah, lajeng paring pangandika: *“Ayo padha menyang papan kang sepi”*. Papan ingkang sepi punika dipun remeni dening Gusti Yesus lan para sakabat. Kanthi mekaten lajeng sami tindak nitih prau tumuju dhateng papan ingkang sepi (ayat 42).

Wonten sawetawis warganing pasamuwan ingkang asring ngraosaken sayah, dadosa paripurna makarya punapa dene sayah ngadhepi prekawis kathah ing gesangipun. Ingkang lajeng dipun lampahi inggih punika ngupados papan ingkang sepi supados raga lan penggalhipun saged ngaso. Prekawis punika saged dipun wastani *“Retreat”* lan papan kangge *retreat* punika padhatanipun papan ingkang sepi kanthi ancas lan tujuan supados tiyang sami saged ngenerakan manahipun kanthi saestu dhumateng Gusti. Ing kegiatan retreat punika maneka warni ingkang sami dipun lampahi. Sami ngeningaken manah, ngraosaken tuwin nyawang pakaryanipun Gusti ingkang katampi saben wekdal lan kawontenan. Kanthi mekaten lajeng tuwuh greget ingkang anyar kangge nglajengaken ayahan ing gesang. |*YS



Ngluhuraken Allah

“Sang Prabu Dawud banjur lumebet, tumuli sowan ana ing ngarsane Sang Yehuwah sarta munjuk:”Kawula pinika sinten,dhuh Pangeran Yehuwah,lan kulawarga kawula punika sinten,dene Paduka ndadosaken kawula ngantos kados makaten punika”. (II Samuel 7:18)

Sampun tigang wulan Mukidi nilaraken brayatipun ingkang wonten dusun kesah dhateng Jakarta kanthi ancas ngupados pedamelan murih nyekapi kabetahaning brayat. Anangin punapa ingkang karancang dening Mukidi boten sami kaliyan kasunyatan. Punapa sebabipun? awit nembe nyambut damel setunggal wulan piyambakipun sakit. Begja awit wonten ing papan panyambut damelipun wonten piyantun ingkang asung kawigatosan srana ngrawat lan paring tetedhan salebetipun ngraosaken panandhang. Rumaos sampun sehat tumunten Mukidi nglajengaken panyambut damelipun, ngantos jangkep tigang wulan. Nalika badhe wangsul dhateng dusun Mukidi nampi upah lan upahipun punika linangkung kathah, awit nalika sakit punika Mukidi tetep nampi upah ingkang wetah. Ing manah batosipun Mukidi, tansah ngaturaken panuwun dhateng Pangeran ingkang dados sumbering berkah.

Waosan kita dinten punika nyariosaken kados pundi Prabu Dawud ngraosaken berkahipun Gusti, nalika dados pangarsa ing Israel. Kathah prekawis ingkang dipun raosaken Dawud saha brayatipun. Nadyan margining gesang punika rumpil malah kepara Dawud ugi nate dhumawah ing dosa, ananging Gusti Allah tansah nelakaken sih mirma dan nuntun piyambakipun. Pramila boten mokal manawi lajeng Dawud punika rumaos gumun kaliyan berkah lan panuntunipun Gusti.

Wonten ing wekdal ingkang bingahaken saha mrihatosaken, kaluberan punapa dene kacingkrangan, punapa kita ugi tansah ngaturaken pangalembana kojuk Sang Rama? Punapa namung wekdal-wekdal mirungga kemawon? Sumangga kita nulad dhateng Sang Prabu Dawud ingkang tansah emut lan ngraos-raosaken berkahipun Gusti ingkang tanpa kendhat. Sumangga sami muji sokur dhumateng Gusti Allah awit katresnanipun ing satengahing brayat kita. |*YS



Leladi kanthi trusing ati

“Anggonku leladi kalawan andhap asor ngabdi marang Gusti.Sajrone pangabdi iku aku kerep banget ngetokake eluh nganti carocosan sarta ngalami pangrencanane wongYahudi pirang-pirang kang arep mateni aku”
(Lelakone Para Rasul 20:19)

“Melayani dengan sepenuh hati”, seratan cekak ingkang dados gegebengan salah satunggaling bank punika ngemu suraos ingkang lebet. Awit ing seratan punika sampun dados pasarujukan tumrap sedaya karyawanipun ingkang gadhahi tekad kangge mujudaken peladosan dhateng masyarakat. Kathah cara ingkang dipun agem kangge mujudaken rancangan punika. Ing sisih sanes ugi kathah pepalang, ingkang saged murungaken peladosan punika.

Waosan kita dinten punika nyariosaken pepisahanipun Paulus kaliyan para pinisepuh utawi palados ing Pasamuwan Efesus. Ing ngriku rasul Paulus paring pambereg, ngendikakaken babagan ayahan peladosan ingkang dipun lampahi supados para palados sangsaya tegen lan taberi anggenipun sami leladi. Ing peladosan punika Rasul Paulus asring nemahi prekawis ingkang damel giris lan miris ing manahipun. Kenging punapa? awit piyambakipun ngadhepi tiyang-tiyang ingkang badhe mejahi piyambakipun. Rasul Paulus tansah ngiyataken manahipun bilih peladosanipun punika boten kangge dhiri pribadinipun ananging namung kagem Gusti Yesus ingkang sampun ngagem piyambakipun dados utusanipun Gusti.

Kita sami dipun utus dening Gusti supados netepi timbalan leladi. Wonten ing satengahing brayat minangka bapak utawi ibu punika ugi timbalan leladi. Wonten ing satengahing masyarat, wonten ing papan panyambut damel, wonten ing sekolah, wonten ing greja dalah wonten ing pundi kemawon, Gusti Allah nimbali kita dados pirantosipun kangge mbabaraken pakaryanipun Gusti. Mila sumangga sami nglampahi gesang lan ayahan kita kanthi saestu kagem kaluhuranipun Gusti. |*YS



Aji Ing Ngarsane Gusti

Sapa panunggalanmu, kang duwe wedhus satus mangka ana siji sing ilang, apa ora banjur nggoleki sing ilang iku nganti sakketemune, sing sangang puluh sanga ditinggal ana ing ara-ara samun ?

(Lukas 15:4)

Kita nate mireng pangandika saking tiyang sepuh ingkang mekaten: "ilang-ilangan endhog siji". Tembung punika ngemu teges bilih nalika tiyang sepuh punika kagungan putra cacah gangsal, lan ingkang setunggal punika boten mbangun miturut kaliyan tiyang sepuh, sajak tiyang sepuh rumaos gela lan nglokro kados-kados sampun boten saged ndandosi lare punika lajeng ngrilakaken lare punika mlampah nuruti pepenginanipun piyambak. Tiyang sepuh punika sajak kelas kecalan larenipun ingkang angel dipun gulawenthah lan dipunwucal.

Benten kaliyan piwucalipun Gusti Yesus ingkang ngagem pasemon bab menda cacah satus lan ingkang setunggal punika ical. Menda sangang dasa sanga dipun tilar lan madosi ingkang namung satunggal punika. Kados-kados prekawis punika boten tinemu ing nalar, awit madosi menda setunggal badhe nelasaken wekdal ingkang dangu lan kedah nilaraken menda cacah sangang dasa sanga ingkang ugi betahaken kawigatosan. Namung tumraping Gusti Yesus menda setunggal punika sakalangkung aji. Kanthi ngugemi ajining menda punika lajeng wonten pambudidaya kangge madosi menda kala wau, senadyan namung setunggal ananging aji wonten ing ngarsanipun Gusti. Kanthi pasemon punika Gusti Yesus ngewahi pemanggihipun Tiyang Farisi lan Ahli Toret bilih tiyang dosa ingkang mratobat punika langkung prayogi tinimbang tiyang ingkang tansah rumaor bener lan boten betahaken pitulunganipun Gusti.

Manawi wonten sadherek ingkang "ical" tegesipun nglampahi dosa lan nilaraken Gusti, punapa ingkang kedah kita lampahi? Sumangga sami budiyaya sesarengan Gusti Yesus murih tiyang punika ngrumaosi kaluputanipun lajeng mratobat wonten ing ngarsanipun Gusti. |*YS



Mangertos kersanipun Gusti

“Marga saka iku, wiwit aku oleh pawarta mau, ora pegat anggonku ndongakake kowe. Kang dak suwun supaya kowe kaparingana sakabehing kawicaksanan lan kawruh kasukman kanggo nyumurupi bab karsane Pangeran kang kalawan sampurna” (Kolose1:9)

Manawi kita mireng pawartos bab kawontenan sedherek kita ingkang nembe sakit, wonten ing manah kita mesthi tuwuh pepinginan kangge patuwen. Menawi boten saged patuwen, paling boten kita saged matur lumantar alat komunikasi kadasta HP. Sasampunipun mangertos utawi mireng bab kawontenanipun, kita lajeng ndongakaken. Wonten salebeting pakunjaran, Rasul Paulus mireng pawartos saking Epafras, bab kawontenanipun Pasamuwan ing Kitha Kolose ingkang wekdal samanten nembe sami bingung awit nampi pangretosan anyar inggih punika piwucal-piwical ingkang cengkah kaliyan punapa ingkang sampun dipunwucalaken dening Rasul Paulus.

Rasul Paulus kepengin supados pasamuwan ing Kitha Kolose punika sami tuwuh ngrembaka ing babagan iman kapitadosanipun, boten gampil nampi piwucal ingkang blasar. Awit saking katresnanipun, rasul Paulus boten kendhat anggenipun ndongakaken Pasamuwan ing Kolose supados Pasamuwan punika mangertos kanthi saestu bab kawicaksanan tuwin pangertosan babagan Gusti Allah lan pakaryanipun. Gusti Allah ingkang sampun miwiti ayahan kawilujengan punika mugia tinampi kanthi kapitadosan ingkang lebet. Lan saben tiyang ingkang sampun sami pitados dhumateng Gusti punika sageda nglampahi sedaya dhawuh lan karsanipun Gusti.

Seratipun Rasul Paulus dhateng Pasamuwan ing Kolose mugia saged ugi tinampi wonten ing gesang kita ing wekdal puniki. Satemah kita gadhahi pangertosan ingkang leres bab pakaryanaipun Gusti ingkang kababar wonten ing Sang Kristus, saha mbudidaya gesang nyunaraken kamulyan tuwin kersanipun Gusti ing sauruting lampah kita. |*YS



Titah Anyar

“Mulane sarehne kowe wus padha dadi pepilihane Gusti Allah, kang wus kasucekake lan kinasihan, padha nyandhanga asih welas, kaloman, andhap asor, alusing bebuden lan sabar”

(Kolose 3:12)

Paripurna pangibadah minggu, Palados Sabda dalah pinisepuh tuwin Diaken sami jumeneng ing kori gereja, ingkang saperlu jawat asta kaliyan sedaya warga Pasamuwan. Pinesepuh ingkang nembe kemawon ngladosi pangibadah punika dipun panggih dening Saroji. Saroji senadyan taksih enem, ananging pyambakipun punika asring nggatosaken bab busana utawi ageman. Kanthi bisik-bisik Saroji nyaket ing talinganipun Pisisepuh kala wau lan matur: “Pak benjang malih menawi kotbah kula aturi milih dasi ingkang trep kaliyan ageman utawi kemeja/hem ingkang cocog”. Nampi panyaruwe ingkang mekaten Pinisepuh kala wau lajeng manthuk-manthuk, pratandha sarujuk. Pancen leres piwucal jawi bilih “Ajining Raga saka Busana”. Tegesipun manungsa punika saged dipun tingali prajanipun saking ageman utawi busananipun.

Rasul Paulus paring piwucal dhateng para pitados ingkang sampun nampi kawilujengan lumantar pakaryanipun Sang Kristus ing Kitha Kolose. Tembung “nyandhanga” (ayat 12) punika ngemu suraos boten babagan busana satata kajasmanen, ananging nyandhanga utawi ngagema sandhangan satata kasukman. Punapa tegesipun? sandhangan kasukman inggih punika tata lampahing warga Pasamuwan ing Kolose punika supados sami ngagem lelampahanipun Gusti Yesus ingkang sampun paring tuladha lumantar peladosanipun nalika netepi ayahan wonten ing jagad. Sedaya peladosanipun punika kinanthenan katresnan ingkang tulus dhateng sedaya manungsa.

Dados para kagunganipun Gusti ing wekdal samangke ugi kaatag sami mangangge rasukan kasukman inggih punika welas asih, alusing budi, andhap asor lan ugi sabar. Punika wujud ingkang kedah dipun ketingalaken dening titah anyar. Punapa bab punika sampun saestu maujud wonten ing gesang kita? |*YS



Nyebar lan ngeneni

“Awit tumrap iki bener bebasan kang muni mengkene:kang siji nyebar, sijine kang ngeneni” (Yokanan 4:37)

Wonten ing Pokok-pokok Ajaran Gereja Kristen Jawa (PPA-GKJ) dipun pratelakaken bilih tugasipun Greja punika wonten kalih inggih punika: Ngrimati kapitadosan lan martosaken kawilujengan utawi ngundahaken Injil. Pangrimating kapitosan punika kalampahan wontenipun Katekisasi, Panyuraos Kitab Suci, Pangibadah Minggu, kempalan Pandonga, paladosan bujana suci, lsp. Wondene Pangundanging Injil punika menawi wonten kegiatan Diakonia ing satengahing masyarakat, kadosta: *Donor darah, bakti sosial* punapa dene lumantar kabudayan jawi kados krawitan, ringgitan, lsp. Jaman rumiyen wonten Guru Injil ingkang martosaken kabar kabingahan dhateng pundi-pundi panggenan kanthi patrap lan semangat ingkang makantar-kantar. Inggang nampi pawartos punika lajeng saged nampi Gusti Yesus ngantos dugi samangke. Ananging kathah ugi ingkang boten saged nampi.

Waosan kita dinten punika nyariosaken lelampahan ingkang dipun gambaraken dening Gusti Yesus dhateng para sakabat, nalika sami nggiyaraken Injil Kratoning Allah punika kagambaraken kados dene piyantun ingkang sami nyebar wiji ing pasiten. Saged kemawon wiji punika lajeng thukul ananging ugi wonten wiji ingkang thukulipun randhat. Punapa malih samangke ingkang ngeneni / panen punika dereng kantenan ingkang sekawit punika sami nyebar wiji. Gamblangipun ingkang nyebar dereng temtu ingkang manen lan ingkang manen punika dereng temtu ingkang nyebar.

Kita sedaya ugi tinimbangan nyebar wijining kabingahan lan kawilujengan wonten ing satengahing gesang kita, namunga kita ugi tinimbalen ngeneni ing mangsa panen. Kita tinimbangan nyebar kasaenan dhateng sadaya tiyang ananing ugi tinimbangan ngrimati para umat kagunganipun Gusti wonten ing gesang padintenan kita. Nyebar punapa dene ngeneni dados ayahan kita sedaya. Monggo kita wujudaken minangka pirantos ingkang kaagem dening Gusti kanthi tulusing ati. |*YS



Wiwit saking alit

“Punika wonten lare ingkang mbekta roti sair gangsal kaliyan ulam loh kalih, nanging punika nggawer sapinten kangge semanten kathahipun punika?”

(Yokanan 6:9)

Amir ingkang taksih umur sangang taun punika gumun nalika ningali pak Sukimin ngasta kampak ingkang alit lan entheng. Gumunipun Amir punika jalaran mireng carios saking Pak Sukimin menawi kampak punika sanadyan namung alit ananging saged kangge negor wit albasia ingkang ageng. Pancen barang alit punika saged murakabi tumtrap perkawis ingkang ageng.

Waosan kita nyariosaken lelampahanipun Gusti Yesus kaliyan para sakabat nalika aben ajeng kaliyan piyantun kathah. Tiyang-tiyang punika adreng anggenipun kepengin nggatosaken piwucalipun Gusti Yesus, tanpa ngengeti wekdal lan papan. Nalika semanten wancinipun sampun dungkap seraping surya, kamangka papan punika tebih saking peken utawi kitha ing pundi wonten tiyang sadean tetedhan. Filiphus bingung nalika ngadhepi kawontenan punika, lajeng matur dhateng Gusti Yesus. Gusti Yesus paring kawigatosan ingkang mirunggan dhateng tiyang-tiyang ingkang nembe keluwen punika. Ing ngriku wonten lare alit ingkang mbekta sangu awujud roti cacah gangsal lan ulam loh cacah kalih. Roti dalah ulam kala wau lajeng dipun aturaken dhateng Gusti Yesus lan dipun berkahi ngantos cacahipun kathah lan saged maregi tiyang gangsal ewu kepara langkung. Pisungsupun lare alit punika saged murakabi tiyang kathah.

Monggo kita wiwiti peladosan punika saking lelampahan alit contonipun sami nampi rawhipun warga pasamuwan nalika badhe nderek ibadah srana jawat asta kinanthenan esem ingkang sumringah. Punika lelampahan alit sarta ndayani warganing Pasamuwan rumaos dipun gatosaken lan bombong ing manah. Punapa kita sampun nglampahi perkawis ingkang alit ingkang tundhonipun saged ngremenaken tiyang kathah ?



Kekiyatan Sejati

“Sakehing prakara bisa daksangga ana ing Panjenengane kang paring kekuwatan marang aku” (Filipi 4:13)

Subur Kinanthi paring paseksi wonten satengahing panyuraos Kitab Suci, menggah isining paseksen punika nyariosaken babagan lelampahanipun nalika piyambakipun sadean cendol dhawet ing pinggir margi. Dinten sepisan ngantos dinten kaping sedasa prasasat boten wonten piyantun ingkang tumbas. Kanthi kesabaran sinartan panyuwunan ingkang datan kendhat mindhak dinten mindhak kathah langganipun.

Waosan kita dinten punika nyariosaken paseksinipun Rasul Paulus rikala wonten ing pakunjaran. Serat punika dipun kintun dhateng Pasamuwan ing Filipi. Punapa ingkang kaserat dening Rasul Paulus boten nedahaken bilih piyambakipun nembe ngalami panandhang utawi kecingkarangan ananging Rasul Paulus kepengin nedahaken bilih tiyang ingkang pitados dhateng Gusti Yesus punika kalanipun ngraosaken kaluberan, kalanipun ugi ngraosaken kacingkrangan. Kados pundi patrap gesangipun Rasul Paulus nalika kedah dipun kunjara? Piyambakipun ngandika, *“Sakehing prakara bisa daksangga ana ing Panjenengane kang paring kekuwatan marang aku.”* Kanthi pangajab paseksi punika ndayani kekiyatan dhateng Pasamuwan Filipi, supados kapitadosanipun dhateng Gusti Yesus sangsaya kiat lan tansah pitados bilih Gusti tansah makarya ing gesangipun Pasamuwan.

Pageblug ingkang dumados ing Indonesia, wontenipun virus corona wiwit wulan Maret 2020, ndadosaken kaprihatosan tumrap sedaya Masyarakat. Pados sandhang tedha sarwa kangelan lan ugi ingkang sami nyambut damel kedah kendel awit kawontenan punika. Ananging begja sanget menawi kita taksih kaparingan wewengan kangge ngraosaken endahing gesang amargi tansah dipun kanthi dening Gusti. Sedaya punika boten awit saking pambudidayaning manungsa, ananging kekiyatan sejati saking Gusti ingkang tanpa winates. |*YS



Laku jina

“Bareng wektune nandhang prihatin wis pundhat, Sang Prabu Dawud nimbali wong wadon iku menyang ing daleme. Wong wadon iku dipundhut garwa lan mbabar putra kakung. Nanging prakara kang wus dilampahi Prabu Dawud iku ala ana ing paningale Gusti”
(2 Samuel 11:27)

Tiyang sugih, tiyang mlarat, tiyang ingkang kagungan pangkat lan drajad, punggawa, pangarsaning pamarentah lan ugi pangarsaning pasamuwan dadosa ingkang sepuh lan ingkang anem saged kapilud utawi kagodha dening iblis lan dhawah ing dosa, nerak pepakenipun Gusti Allah ingkang nomer pitu, inggih punika laku jina.

Prabu Dawud salah satunggaling ratu pilihanipun Gusti malah jinebadan pinangka ratu ingkang misuwur ugi dhumawah ing dosa. Nalika Prabu Dawud mirsani pawestri ingkang ayu ing pasuryan, ingkang asesilih Betsyeba garwanipun Uria, lajeng tuwuh ing manahipun kangge tumindak nista kaliyan Betsyeba ingkang kedahipun boten dipun lampahi minangka jejerung ratu ingkang kebak ing kawibawan. Punapa malih sesambetanipun kaliyan Gusti Allah punika caket sanget. Wondene ingkang katindakaken dening Dawud punika julig. Kenging punapa? Awit prabu Dawud ngrancangaken pejahipun Uria, minangka prajuritipun ingkang setya, ing satengahing paprangan. Sasampunipun Uria pejah lajeng Betsyeba dipun pundhut garwa dening Sang Prabu Dawud lan mbabar putra kakung. Prabu Dawud dhumawah ing dosa, ngliwakaken dhawuhipun Gusti lan kawibawanipun minangka ratu Israel pilihanipun Gusti Allah.

Minangka umat pilihanipun Gusti, sampun ngantos kita dhumawah ing dosa srana tumindak jina. Gusti Allah ngersakaken kita sedaya sami mlampah ing margi ingkang leres srana anggen kita ngginakaken badan kita kagem kaluhuranipun Gusti. Iblis pancen wasis anggenipun nggodha lan milut ati. Ananging sedaya kala wau gumantung dhateng sikap kita, anggen kita sami meper pepingining daging. |*YS

Rolas Wakul

*“Turahan cuwil-cuwilan padha diklumpukake
dadi rolas wakul kebak, mangkana uga turahane iwak”*

(Markus 6:43)

Suto lan Noyo sami rerembagan perkawis upah anggenipun nyambut damel. Suto dados tukang batu ingkang upahipun namung Rp 90.000 saben dintenipun lan kedah nyekapi kabetahing brayat ingkang cacah sekawan. Noyo gadhah hasil saben dinten Rp 70.000 kangge nyekapi brayat cacah gangsal. Kasunyatan Suto boten saged nyekapi kabetahan brayatipun, nanging Noyo malah saged nyisihaken saperangan kasilipun kanthi cara dipun lebetaken wonten celengan. Kanthi tembung prasaja, “sithik ora kurang nanging akeh ora turah”. Cekap botenipun anggen kita njereng kasil awujud arta gumantung anggen kita ngecakaken.

Waosan kita dinten punika nyariosaken lelampahanipun Gusti Yesus nalika maringi tedha dhateng tiyang ingkang cacah gangsal ewu kepara langkung, awit etangan gangsal ewu punika nembe ingkang piyantun jaler. Anggenipun maringi tetedhan punika kanthi cara mberkahi gangsal cuwil roti lan ulam loh cacah kalih. Mokal tumrapping para sakabat bab lelampahan punika, ananging Gusti Yesus kagungan panguwaos ingkang boten saged dipun watesi kanthi cara pamawasing manungsa. Sadaya sami nedha ngantos tuwuk lan malah tirahanipun roti lan ulam punika gunggung kalih welas wakul.

Tirahan kalih welas wakul punika ingkang perlu kita gatosaken. Para sakabat sajak sami ngempalaken roti lan ulam wau awit ngengeti pencawisan kangge wekdal candhakistan menawi sami ngraosaken luwe. Saged ugi para sakabat punika gemi lan setiti anggenipun ngrimati berkah saking Gusti. Lumantar patrapipun para sakabat punika sumangga kita sami njereng lan ngecakaken berkah kanthi setiti murih karaharjaning brayat kita. Awit kathah tiyang ingkang boten saged ngobet ngingeraken berkahipun Gusti tundhonipun nemahi cecongkrahane. |*YS

Jujur

“Kula lajeng mangsuli mekaten: Sapa kang duwe mas dicopota! Tiyang-tiyang wau lajeng maringaken mas wau dhateng kula, lajeng kula lebetaken ing latu, ingkang muncul reca pedhet punika”
(Pangentasan 32:24)

Sedaya manungsa gadhah kalepatan, dadosa kalepatan ingkang dipun sengaja punapa dene kalepatan ingkang boten dipun sengaja. Inggang dipun sengaja contonipun nglanggar rambu-rambu lalu lintas. Wondene kalepatan ingkang boten dipun sengaja inggih punika kesupen mateni kompor temahan dadosaken masakan lajeng gosong. Boten sadaya kalepatan punika tumunten dipun akeni, lan padhatanipun nglepataken tiyang sanes. Adam lan Kawa nalika dhumawah ing dosa ugi boten lajeng ngakeni dosanipun ananging malah nglepataken sawer ingkang tansah nggodha.

Nalika Nabi Musa nampi angger-anggering Toret saking Gusti Allah ing redi Sinai, umat Israel sami nengga Nabi Musa ing sangandhaping redi. Raos sayah, lungkrah awit nengga Nabi Musa, lajeng umat Israel malah nyingkur Gusti srana damel reca cor-coran saking mas lajeng dipun sembah. Harun ingkang kedahipun ngamping-ampingi umat Israel malah mandhegani lelampahan punika. Mandhap saking redi, nabi Musa lajeng ndukani Harun, ananging Harun sajak boten nglenggana menawi piyambakipun punika lepat. Harun matur kaliyan Musa menawi mas ingkang dipun kempalaken dhateng Harun punika dipun bucal ing latu lajeng dados pedhet punika. Tumindakipun Harun punika boten jujur, lan boten ngakeni kalepatan.

Wonten in satengahing brayat kita, ing satengahing papan panyambut damel, ugi ing gesang masamuwan kita asring nehami kalepatan. Punapa kita sampun nglenggana yen kita pancen kadunungan lepat? Utawi malah nglepataken tiyang sanes? Sumangga kita raosaken bab kejujuran ngakeni kalepatan wonten ing gesang kita. |*YS

Tegen manembah dhumateng Gusti

*“Kang iku dipadha mantep anggonmu padha asih marang
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu kang marga saka nyawamu”*

(Yusak 23:11)

Dados padatan menawi tiyang ingkang sampun sepuh lan dungkap kapundhut dening Gusti punika paring weling punapa dene wulang wuruk dhateng para kekasihipun. Boten namung maringi bandha kadonyan kemawon, ananging tiyang sepuh ugi kepengin maringi piwucal adi ingkang murakabi dhateng anak putu lan sanak kadang ingkang dipun tresnani.

Yusak dipun timbali dening Gusti Allah pinangka pangarsaning Banga Israel wiwit yuswa 80 tahun. Nalika Israel badhe mlebet dhateng papan prajanjian inggih tanah Kanaan, ngantos dumugi ing Kanaan kangge mranata gesanging bangsa Israel pilihanipun Allah punika. Miturut para winasis Yusak kapundhut Gusti ngantos dumugi yuswa 110 Tahun. Saderengipun kapundhut Yusak ngempalaken sesepuh lan pangarsaning Israel ingkang sami dipun tuturi.

Banga Israel dipun emutaken supados sami nyawang lan ngraosaken pakaryanipun Gusti Allah ingkang sampun nuntun lampahipun saking Mesir, inggih tanah pangawulan tumuju dhateng tanah prajanjian. Kathah perkawis ingkang sampun tinampi ing gesangipun Bangsa Israel. Awit saking punika Yusak ngemutaken dhateng Bangsa Israel supados madhep mantep anggenipun ngabekti dhumateng Gusti Allah.

Kathah ugi berkah ingkang kita tampeni saking Gusti ingkang awujud katentreman, karaharjan, kawilujengan punapa dene bab sandhang tedha ingkang boten nate kendhat. Rinten kalawan dalu kita tansah rineksa dening Gusti. Nalika kita ngambah dalan ingkang rumpil, Gusti ugi ngawuningani lan paring margining luwar. Mila saking punika sumangga kita datan kendhat ngaturaken pangalembana lan tansah manembah Gusti ing sadhengah kawontenan. |*YS



Waspada

“Banjur padha dipangandikani Gusti Yesus mangkene: “padha sing awas, sing ngati-ati ing bab ragine wong Farisi lan wong Saduki!”

(Mateus 16:6)

Salah satunggaling ayahan Gereja Kristen Jawa inggih punika ngrimati kapitadosanipun warga Pasamuwan. Werni-werni lan kathah cara ingkang dipun agem dening Pradataning Pasamuwan kangge njagi wetahing kapitadosan. Wiwit paladosan tumrap lare-lare Sekolah Minggu ngantos dumugi Komisi Adiyuswa, sadaya dipun amping-ampingan kanthi prayogi. Awit tiyang pitados ingkang sampun ngrasuk gesang anyar punika boten badhe kalis saking sawernining panggodha lan piwucal ingkang badhe nasaraken.

Waosan kita dinten punika nyariosaken bab piwucalipun Gusti dhateng para sakabat, nalika mireng piwucalipun tiyang Farisi lan tiyang Saduki. Gusti Yesus paring pangandika supados samingatos-atos dhateng punapa ingkang dipun wucaleken tiyang-tiyang kala wau. Tiyang Farisi lan tiyang Saduki punika mucal dhateng bangsa Israel inggih bab pranataning gesang ingkang kedah ngener dhateng Angger-anggering Toret, ananging ugi dipun tambahi bab netepi adat kabudayan ingkang wonten ing sakiwa tengenipun. Tambahan piwucal punika dipun gambaraken dhening Gusti Yesus kadosdene ragi ingkang dipun lebetaken dhateng adonan roti. Menawi para sakabat punika lajeng mitadosi dhateng piwucal kala wau mesthi boten badhe pikantuk gesang ingkang langgeng, awit sami keblinger piwucal ingkang boen leres.

Pinangka titah anyar kita kedah nebihi piwucal nasar supados boten manjing ing manah kita. Roti ingkang utami inggih punika piwucal ingkang pinangkanipun saking Gusti Allah. Piwucal bab punapa ingkang dados karsanipun Gusti ingkang kedah dipun tetepi ing gesanging para kagunganipun. |*YS



